



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 20 out 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE PWOGRÈ SOU PWOJÈ PRIYORITÈ KONSÈY DEVLOPMAN EKONOMIK  
REJYONAL NORTH COUNTRY**

***Pwogrè Agrandisman Bombardier Transportation Pral Kreye 100 Djòb ak Konsève 288 Djòb***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse Sèvis Bombardier Transportation, avèk sipò Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon North Country, ap vanse avèk pwojè agrandisman li ki vo prèske \$25 milyon dola nan Plattsburgh. Pwojè agrandisman an te resevwa \$2,5 milyon dola nan pwogram Konsèy Rejyon la, epi li se yon pwojè priyòritè pou NCREDC. Pwojè a pral kreye 100 nouvo djòb, epi l ap konsève 288 djòb ki la deja nan sant pwodiksyon li, pou bay yon sipò ekonomik ki trè nesèsè pou kominote ki toupre a.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Enpak pozitif Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon North Country kontinye montre enpak li nan rejyon an ak nan rès Eta New York. Avèk sipò yon sibvansyon \$2,5 milyon dola Konsèy Rejyon la, Bombardier Transportation ap envesti dis (10) fwa kantite lajan sa a nan eta nou an, pou kreye ak konsève prèske 400m djòb pou North Country. Sa a se yon vrè sipò pou ekonomi lokal la, epi mwen kontan pou wè pwojè priyòritè sa a ap vanse.”

Tony Collins, Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon ak Prezidan Clarkson University, di konsa, “Enpòtans envestisman transfòmasyon sa a Bombardier ak Eta New York fè a ap kreye yon enpak pozitif nan tout rejyon an avèk djòb nan domèn konstwiksyon ak manifakti k ap sipòte kwasans nan lòt domèn ekonomi North Country. Avèk remak piblik la ak evalyasyon apwofondi resous rejyon an pandan pwosesis planifikasyon Konsèy la, yo te idantifye endistri ekipman transpò a kòm yon domèn enpòtan pou devlope estrateji rejyon pou sipòte manifakti pou fè konpetisyon nan mache mondyal la. Manifakti ekipman transpò komen ou ak anplwaye ki gen talan nou nan sektè sa a nan bon pozisyon pou montre siperyòrite yo, epi pou yo pran tout avantaj tandans mondyal yo nan sèvis transpò a.”

Garry Douglas, Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyon North Country ak Prezidan Chanm Komès North Country, di konsa, “Sa a se yon angajman ki vrèman enteresan pou avni ekonomi North Country. Se pwen fò dezan efò Bombardier ak patnè North Country li yo ap fè san rete pou jwenn plis pase \$1 milyon dola nan kontra yo ane sa a nan MTA ak BART, epi kounye a gwo agrandisman prezans Bombardier nan Plattsburgh. Sa ap vrè ranfòse wòl nou kòm youn nan poto-mitan Amerik-di-Nò pou pwodiksyon ekipman transpò 21yèm syèk la. Nou di Bombardier mèsè pou konfyans yo kontinye fè li nan

Haitian Creole

rejyon nou an, epitou nou di Gouvènè Cuomo mèsi pou sipò dirèk li, tankou kreyasyon sistèm Konsèy Rejyonal la ki te pèmèt North Country idantifye priyorite tankou sa a pou investisman eta a. An nou vanse pou Bombardier ak pou pati enpòtan sa a nan avni ekonomik nou!”

Bombardier ap agrandi izin prensipal li a 80.000 pye kare ak sant tès li a 2.100 pye kare pou fasilite vwati long yo ak kapasite anplis pou tès, k ap pèmèt gen plis efikasite, fleksibilite ak mwayen pou nouvo kontra. Konpayi an te pibliye yon plan entèpretasyon pwojè a, epi yo prevwa l ap kòmanse nan pwochen kèk mwa. Pou wè entèpretasyon an, ale nan Entènèt sou sitwèb:

<http://regionalcouncils.ny.gov/north-country/Plattsburgh-Plant-Expansion>.

Alan Aumais, Manadjè Jeneral Bombardier Transportation nan zòn Plattsburgh, di konsa, “Bombardier vle di Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country mèsi pou sipò li. Etap sa a nan avni zòn Plattsburgh bay Bombardier plis mwayen manifakti pou leve defi pwochen pwojè yo, epi pou respekte angajman nou pou kliyan nou yo.”

Ane pase, yo te bay yon sibvansyon total \$785 milyon dola nan Aplikasyon pou Finansman Gwoupe (CFA) pou pwojè kreyasyon djòb ak devlopman kominote ki annamoni avèk plan estratejik chak rejyon. North Country te resevwa \$103,2 milyon dola nan sipòte eta a avèk pwogram Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la, ak pwosesis CFA ak pwosesis CFA pou 70 pwojè toupatou nan rejyon an. Nan pwosesis sa a, \$2,5 milyon dola nan finansman pou Bombardier nan Empire State Development pou pwojè sa a.

Prezidan, Direktè Jeneral ak Manm Komisyon Empire State Development, Kenneth Adams, di konsa, “Gras ak pwogram Konsèy Rejyonal Gouvènè Cuomo konpayi yo konnen toupatou nan lemonn tankou Bombardier ap resevwa sipò yo bezwen pou kreye djòb epi pou mete ekonomi lokal nou yo sou bon chemen. Antan yon dirijan manifakti transpò, ki te siyen yon kontra pa twò lontan avèk Metropolitan Transportation Authority pou fè 300 otoka nan Plattsburgh, Bombardier ap kapab ajoute kounye a 100 nouvo pou pi byen pozisyon tèt yo pou satisfè bezwen kliyan li yo epitou pou fè konpetisyon nan mache nasyonal ak mache entènasyonal. ESD kontan pou jwe yon wòl nan pwojè agrandisman enpòtan sa a, epi kontinye respekte pwomès sipò pou biznis ki egziste tankou Bombardier.”

Senatè Betty Little di konsa, “Mwen kontan anpil poutèt Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country, anba kalite dirijan Gouvènè Cuomo, ap ede Bombardier agrandi. Yo fè yon gwo kalite pwodui, epi yo jwenn plizyè kontra pou konstwi vwati Bombardier, pou kenbe gwo kalite djòb sa yo nan zòn Plattsburgh.”

Manm Asanble Janet Duprey di konsa, “Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country te fè yon bon kalite djòb pou asire biznis prensipal mondyal sa a kontinye envesti, grandi ak kreye anpil djòb nan North Country. Sipò endistri manifakti enpòtan pou bati yon pi gwo ekonomi rejyonal, epi Bombardier reprezante, epi ap kontinye reprezante yon gwo pati nan endistri sa a. Mwen bat bravo pou Konsèy Rejyonal North Country ak pou Gouvènè Cuomo pou nouvo apwòch yo nan investisman ak devlopman ekonomik k ap fè ekonomi nou an retounen nan bon chemen.”

Haitian Creole

Majistra Plattsburgh, Don Kasprzak, di konsa, “Gwo patenarya ant Bombardier Transportation ak Vil Plattsburgh te anplas pandan anpil ane, epi li trè enpòtan pou rejyon nou. Nou vrèman apresye angajman ak efò Gouvènè Cuomo ak Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal North Country nan sipòte ak bay Bombardier yon sibvansyon \$2,5 milyon dola pou ranfòse pozisyon li nan sektè transpò a, epitou pou kreye anpil nouvo djòb nan North Country. Mwen kwè North Country ap kontinye gen yon prezans solid nan Plattsburgh pandan plizyè ane k ap vini.”

Bombardier Transportation, yon konpayi prensipal nan teknoloji chemennfè, ofri pi gwo pòtfolyo nan endistri, epi li ofri pwodui ak sèvis tounèf ki fikse nouvo prensip nan mobilite dirab. Teknoloji BOMBARDIER ECO4 – ki bati sou kat (4) poto-mitan enèji, efikasite, ekonomi ak ekolojik - konsève enèji, pwoteje anviwònman an, epi ap ede amelyore pèfòmans total tren pou operatè yo ak pasaje yo. Bombardier Transportation gen yon baz kliyan trè divès avèk pwodui oswa sèvis nan plis pase 60 peyi. Li gen yon baz enstale ki gen plis pase 100.000 veyikil toupatou nan lemonn.

Bombardier gen biwo santral li nan Montréal, Kanada. Aksyon li yo vann nan Toronto Stock Exchange (BBD), epi yo mete li sou lis nan endèks Dow Jones Sustainability World and North America. Nan ane fiskal ki te fini 31 desanm 2011, Bombardier te deklare revni pou \$18,3 milya dola ameriken. Nouvèl ak enfòmasyon yo disponib sou Entènèt nan sitwèb [bombardier.com](http://bombardier.com), oswa ou kapab swiv li nan Twitter [@Bombardier](https://twitter.com/Bombardier).

Empire State Development (ESD) se ajans devlopman ekonomik prensipal New York. Misyon ESD se pou ankouraje yon ekonomi ki fò ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo djòb ak opòtinite ekonomik, ogmante revni pou Eta a ak minisipalite li yo, epi pou fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Avèk itilizasyon lajan prete yo, sibvansyon, kredi fiskal ak lòt fòm bourad lajan, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon djòb, epitou pou sipòte kominote pwospè yo nan Eta New York.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou chak konsèy rejyonal ak sou plan devlopman ekonomik yo, ale sou Entènèt nan sitwèb [www.regionalcouncils.ny.gov](http://www.regionalcouncils.ny.gov).

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418